

Adilt yo bezwen vaksen tou!

Adilt yo dwe pale ak founisè swen sante
yo sou vaksen yo rekòmande pou yo,
tankou:

- | | |
|--|---|
| <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont grip | <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen konjige anti-nemokoksik |
| <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont Epatit B &
Vaksen kont Epatit A | <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont Zona |
| <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont HPV
(Viris Papiyon Imen) | <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont (Tetanòs, Difteri, Koklich) |
| <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont (Lawoujòl, Malmouton ak Riberyòl) | <input checked="" type="checkbox"/> Vaksen kont COVID-19 |

Yo ka rekòmande lòt vaksen pou adilt ki gen sèten kondisyon, tankou:

Dyabèt, Maladi Kè, VIH/SIDA, Maladi Fwa, ak/oswa Maladi Poumon/Opresyon.



Ki vaksen ou
bezwen?

Pran tès la!



IMMUNIZE
KANSAS
COALITION

Aprann plis sou
vaksen ki make yo

Version: 11/28/23

Poukisa adilt yo bezwen vaksen?

Anba a, chache jwenn vaksen ki make yo ak poukisa yo bon!

Maladi Grip (Grip): Souvan yo kont souzestime li e di "jis grip la," Maladi grip ka lakòz yon semèn doulè, lafyèv, ak fatig

Epatit A ak Epatit B: Pwoteje tèt ou kont viris Epatit A ak Epatit B yo ki ka lakoz gro problem nan fwa e pi devan ka devni kansè nan fwa

Vaksen kont (Lawoujòl, Malmouton, Riberyòl): Li pwoteje kont lawoujòl, malmouton, ak ribeyòl, ki ka mennen pwoblèm pou tande, pwoblèm pandan gwosès, ak lòt konplikasyon

Vaksen konjige anti-nemokoksik: Li pwoteje kont bakteri nemokok, ki lakòz nemoni, enfeksyon nan san, ak menenjit (enflamasyon alantou kolòn vêtebral la ak nan sèvo)

Vaksen kont (Tetanòs, Difteri, Koklich): Li pwoteje kont difteri (enflamasyon kè , maladi kè), Koklich (Gro tous) Tetanòs (lakoz misk yo red e ki mennen doulè nan machwè

Vaksen Kont Zona: Li pwoteje kont Zona e doulè alontèm nan nè yo.

Vaksen COVID- 19: Vaksen kont COVID-19 la ede kò nou devlope iminite kont viris ki lakòz COVID-19 san nou pa oblige malad.

Kesyon? Pale ak yon founisè swen sante sou tout vaksen yo rekomande w yo.



Language: Haitian Creole